

Зи Iэужьхэр мыкIуэдыжын хэкулI гъуэзэджэ

2-нэ нап.



Зи насыпым и гъукIэ

3-нэ нап.



«Экологие» - «ПсэупIэ» - «ХэщIапIэ»

3-нэ нап.



«Театр» зи фIэщыгъэ дуней телъыджэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№53 (24.335) • 2022 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

«ЩыкIухэм дакъыхуоджэ зауэм теухуауэ...»



4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ





# ЩIыналъэ пэрытхэм халъытэ

**Урысейм и Правительствэм ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и президиумым и зи чэзу зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ. Селектор жыпхъэм иту къызэрагъэпэща лэжьыгъэр иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и пашэм зэIущIэм хэтахэм я пащхьэ ирилъхьащ, иджырей щытыкIэр къэлъытауэ, ди щIыналъэм лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ зэрыщагъэзащIэм теухуа хъыбар. Ди гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр халъытащ илъэсым и япэ мазищым а унэтIыныгъэхэмкIэ лэжьыгъэхэр ипэ иту щызэфIэзыгъэкI щIыналъэхэм. Илъэс блэкIам и иджырей лъэхъэнэм егъэпщэмэ, лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ нэхъыфIу, нэхъыбэу гъэзэщIа хъуащ, языныкъуэ лэжьыгъэхэмкIи нэгъабэрейм япэ ищащ.

УФ-м и Правительствэм и вице-премьерыр арэзы хъуащ лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ апхуэдэу ехъулIэныгъэкIэ щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм.

2022 гъэм къриубыдэу а проектхэмрэ программэхэмрэ я лъабжьэу ди республикэм ухуэныгъэ е зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ объекти 100-м нэсым. Iуэхугъуэхэм хухахащ сом меларди 8,2-рэ. А мылъкум щыщу процент 23-м къиубыд лэжьыгъэхэр мы зэманым зэфIэкIащ. Языныкъуэ проектхэмкIэ процент 40-м къиубыд лэжьыгъэхэр ягъэзэщIащ.

- Ди республикэм къыхуаутIыпщащ Бахъсэн псызекIуапIэ бжьамий зэхэт щыухуэным хуэщIа мылъку. Абы ехьэлIа зэгурыIуэныгъэхэр едухылIащ УФ-м ФинансхэмкIэ, УхуэныгъэмкIэ и министерствэхэм, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – Япэу къытхуаутIыпщащ сом мелуан 428-рэ. Апхуэдиз дыдэ Iуэхум хухахынущ къыкIэлъыкIуэ 2023 гъэми. Лэжьыгъэхэр йокIуэкI федеральнэ министерствэхэм я нэIэм щIэту, апхуэдэуи къэралыр зэрыт экономикэ щытыкIэри къэлъытауэ.

Гъуэгу ухуэныгъэм мы илъэсым хухахащ сом меларди 4-м щIигъу. Ди республикэм и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, зыхуагъэувыжа пIалъэр къэмысу сыткIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжынущ километри 170-рэ зи кIыхьагъ гъуэгухэр. ШыщхьэуIум и кIэухым апхуэдэ лэжьыгъэхэр псори зэфIэкIауэ щытынущ. Абы Iэмал къитынущ мыгъэрей планым нэгъуэщI гъуэгу лэжьыгъэхэри къызэщIрагъэубыдэну. КIуэкIуэм зэрыжиIамкIэ, ухуэныгъэхэм я проектхэр убзыхунымрэ аукционхэр егъэкIуэкIынымрэ зэманышхуэ трамыгъэкIуадэу, псынщIэу зэфIагъэкI. ЕтIанэгъэ зэлэжьыну я мурад гъуэгухэр шыщхьэуIум ирихьэлIэу убзыхуа хъунущ.

Гъуэгухэр егъэфIэкIуэным иужьрей лъэхъэнэм гулъытэ хэха зэригъуэтым и фIыгъэкIэ, нэхъ мащIэ хъуащ къэхъу автомобиль зэжьэхэуэхэм, насыпыншагъэхэм я бжыгъэхэр. Абыхэм хэщIащ, федеральнэ гъуэгухэр къапщтэмэ, процент 40-м нэскIэ, щIыналъэ гъуэгухэр къыупщытэмэ, процент 18,5-кIэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, гъуэгу лэжьыгъэхэм ахэр зэрызэрагъэпэщыжым къыдэкIуэу хохьэ лъэс зекIуапIэхэр ухуэныр, ахэр къэгъэнэхуныр, светофорхэмрэ гъуэгу дамыгъэхэмрэ гъэувыныр. КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэм тету, километр 40-м щIигъу гъуэгухэр ягъэнэхунущ, республикэм и щIыпIэ дахэхэм, нэгузегъэужьыпIэхэм уахуэзышэхэри хэту.

- КъинэмыщIауэ, лэжьыгъэшхуэ щызэфIыдох егъэджэныгъэ унэтIыныгъэми, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – Зэуэ доухуэ школи 10, зэгъэпэщыжыныгъэхэр щокIуэкI еджапIэ 29-м.

Апхуэдэу ефIакIуэ зэпыту, къыкIэрыху щымыIэу йокIуэкI псэупIэ унэхэм я ухуэныгъэри. Дызэрыт илъэсым и япэ мазищым къриубыдэу ятакIэщ метр зэбгъузэнатIэ мин 62-рэ къызэщIэзыубыдэ псэупIэ унэхэр. Ар процент 50-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ. Абы къыдэкIуэу щIыналъэм щыхохъуэ ипотекэ кредит къэзыщтэхэм я бжыгъэр. Нэгъабэ и иджы хуэдэ пIалъэм еплъытмэ, ар хэхъуащ процентi 7,5-кIэ икIи сом мелард 28,2-рэ мэхъу.

- Лэжьыгъэхэр зэредгъэкIуэкI жыджэрагъым кIэрыхуркъым, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - УнэтIыныгъэ псоми лэжьыгъэшхуэ къызэщIаубыдэ. Абыхэм экономикэми зрагъэужь, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэри диIэ мэхъу.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам щытепсэлъыхьыжым, КIуэкIуэ Казбек телеграм-каналым щыжиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ гъэзэщIэным хуэунэтIауэ къигъэува къалэн псори нэсу, къызыхуэтыншэу зэрызэфIагъэкIынур.

# ЩытыкIэр я нэIэ щIэтщ

**«Урысей Федерацэм Экономикэ IуэхухэмрэкоронавирусузэрыцIалэмпэщIэтынымкIэ и Къэрал советым и лэжьакIуэ гупым и зэIущIэм дыщытепсэлъыхьащ санкцэхэр къыщыттракъуэзэ зэманым экономикэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм», - щетх КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек телеграм-каналым.**

СЕЛЕКТОР зэIущIэм я нэIэ щIэт IэнатIэхэм я Iуэху зыIутым щытепсэлъыхьащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим, Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэм, цIыхубэ зэпыщIэныгъэмрэ связымкIэ министр Шадаев Максут сымэ.

Собянин Сергей лэжьакIуэ гупым хэт къулыкъущIэхэр щигъэгъуэзащ худэчых зиIэ кредит Iуэхум епха программэхэм нэхъри зегъэубгъунымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэхэм къыхалъхьа хэкIыпIэхэм. Ахэр нэхъыбэу зэхьэлIар экономикэм и зыужьыныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ транспортым, ухуэныгъэм, энергетикэм, мэкъумэш IэнатIэм епха предприятэхэрщ. Апхуэдэуи жиIащ худэчых зиIэ ипотекэм щхьэщатыкIыр нэхъ мащIэ зэращIар (процентi 9), мы илъэсым и етIуанэ, ещанэ мазищхэм техьа страховой взносхэр, сом мелун 1,6-рэ хъур, зы илъэскIэ зэрыщхьэщахар. Ар хьэрычэт Iуэхум зегъэужьынынымкIэ хэкIыпIэ хъарзынэ хъунущ. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным, мэкъумэшхэкIхэр нэгъуэщI къэралхэм егъэшэным, урысей аэропортхэмрэ ИТ-IэнатIэхэмрэ зэрадэIэпыкъунум.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым федеральнэ къулыкъущIапIэхэм къыщыхалъхьэ Iэмал псори къыщагъэсэбэп, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм – Экономикэмрэ предприятэ нэхъ лъэщхэмрэ я Iуэху зыIутым махуэ къэс зыщыдогъэгъуазэ, хэгъэгум щытыкIэр щызэпIэзэрытщ. А псоми кIэлъыплъ, зэзыгъэзахуэ оперативнэ штабхэр мэлажьэ».



# Медицинэ IуэхущIапIэхэм ятеухуауэ

**КъБР-м и Парламентым дыгъуасэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2021 гъэм зэрагъэзэщIам.**

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** зэIущIэр къыщызэIуихым, республикэм и медицинэ лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ коронавирусым зрамыгъэубгъуным зэрыпэщIэтам, адэкIи а Iуэхум зэрелэжьым папщIэ.

- ЗэрыфщIэщи, пандемием и зэранкIэ иужьрей илъэситIым КъБР-м и Парламентым мыпхуэдэ едэIуэныгъэхэр зэпэIэщIэу фIэкIа едгъэкIуэкIыну Iэмал диIакъым. Мы зэманым щытыкIэр зэпIэзэрыт зэрыхъужам къыхэкIыу, нобэрей зэIущIэм дыщызэхуэсым нэхъ къэтщтащ, - жиIащ Егоровэм. - КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2021 гъэм зэригъэзэщIам щхьэхуэу дытепсэлъыхьыныр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIащ. Япэрауэ, медицинэм ехьэлIа гугъуехьхэм гулъытэ хэха хуэтщIыну, апхуэдэуи пандемием дыIууа нэужь, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр зыхущыщIэу наIуэ къэхъуахэр зыхуэдэр къэдгъэлъэгъуэну дыхуейт. ЕтIуанэрауэ, медицинэ IуэхущIапIэхэм адэкIэ зэрызаужьынум, цIыхухэр хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщ Iэмалхэр зэредгъэфIэкIуэнум дегупсысыпхъэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт 2021 гъэм фондым и бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр зэриIар. Хэхъуэмрэ къагъэсэбэпынумрэ зэхуэдэу сом меларди 10-рэ мелуан 264-рэ хъуну траухуами, илъэсым и хэхъуэр сом мелард 11-рэ мелуан 986-рэ хъуащ, къагъэсэбэпар - сом мелард 11-рэ мелуан 855-рэ. Абы щымыщу къагъэсэбэпа ахъшэр хуаутIыпщащ коронавирус узыфэм пэщIэтыным, гулъынтхуэ, лышх узыфэ зиIэхэр и чэзум къахутэу ахэр гъэхъужыным. КъищынэмыщIауэ, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым и программэм къыдэкIуэу, республикэм мылъку хухех узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэм зэрызаужьынум, ахэр зэгъэпэщыжыным, щIэхэр ухуэным, хущхъуэхэр къэщэхуным. Къэбгъэлъагъуэмэ, хущхъуэхэр къэщэхун къудейм 2021 гъэм текIуэдащ бюджетым щыщ сом мелуан 982,5-рэ. Абы щыщу сом мелуан 603-р хуэгъэкIуатэ зиIэ цIыхухэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным.

Егоровэм дыщIигъуащ медицинэм епхауэ къагъэлъагъуэ лъэпощхьэпохэм теухуауэ зэIущIэм къыщащтэ унафэр накъыгъэм и 26-м КъБР-м и Парламентым щекIуэкIыну зи чэзу зэIущIэм къызэрыщыхалъхьэнур.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщIым и къуэдзэ **Къуэжей Рустам**. Ар тепсэлъыхьащ фондыр зыдэлажьэ медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуэдэм, 2021 гъэм пандемием и зэманым къагъэсэбэпа Iэмалхэм, я хэхъуэмрэ къагъэсэбэпын хуеймрэ зэрызэхуагъэхъуам, нэгъуэщIхэми.

Фондым и бюджетыр 2021 гъэм зэригъэзэщIар къызэрапщытам теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI **КIасэ Динэ**.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** жиIащ, 2020 гъэми хуэдэу, нэгъаби коронавирусым зэрызиубгъум къыхэкIыу щытыкIэр гугъуу зэрыщытар. Абы къыхигъэщащ коронавирус узыфэм щыпэщIэт зэманми лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзэщIэн зэрызэпамыгъэуар. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ цIыхухэм ягъуэта медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэми.

Къалэбатэм жиIащ компьютер томографиеу мин 58-м щIигъу 2021 гъэм зэращIар, а къэхутэныгъэхэр ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ фондым и бюджетым къызэрыхагъэкIар.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм IуэхущIапIэ 50 къызэщIеубыдэ, абы щыщу 38-р ОМС-м и фондым долажьэ.

Апхуэдэуи Къалэбатэм жиIащ узыфэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым илIыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щIыным иужьрей илъэсипщIым республикэм зэрыщегугъыр. Абы къриkIуауэ къалъытэ республикэ травматологие центрым, щIыналъэ лъынтхуэ центрым, перинатальнэ центрым я лэжьыгъэр зэрефIэкIуар.

ЗэIущIэм я Iуэху зытетым, яIэ Iэмалхэм, мурадхэм теухуауэ къыщыпсэлъащ Iуащхьэмахуэ район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Тилов Хабиббулах**, Прохладнэ къалэ округ, Прохладнэ район я сымаджэщхэм я дохутыр нэхъыщхьэ **Щомахуэ Зитэ**, Республикэ клиникэ сымаджэщым и щIыналъэ лъынтхуэ центрым и унафэщI **Къуэжей Заурбэч** сымэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Урысей Федерацэм и лъэпкъ гвардием Кавказ Ищхъэрэм щиIэ и къудамэм и унафэщI, генерал-лейтенант Захаров Сергейрэ Росгвардием и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и зауэлIхэм къэрал саугъэт лъапIэхэр, къулыкъум къыщыхэжаныкIахэм я адэ-анэхэм фIыщIэ тхылъхэр иратащ.**

ДИ ЗАУЭЛIХЭМ нобэ къалэн щагъэзащIэ къэралым и шынагъуэншагъэмрэ Донбассым и цIыху мамырхэм къащхьэщыжынымрэ теухуауэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкI псэзэпылъхьэпIэ щIыпIэхэм. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ я лIыхъужьыгъэм, хахуагъэм, къимыкIуэту къалэным зэрыпэрытым папщIэ ЛIыгъэм и орденыр хуагъэфэщащ ди республикэм и зауэлIитхум. ЦIыхуитIым «Жылагъуэм я псэукIэр хъумэным къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ» медалхэр иратащ.

ЗауэлIхэм я дамыгъэхэр я адэхэм щаритыжым, республикэм и Iэтащхьэм жиIащ: «ПщIэ фхуэтщIу, фэркIэ дыгушхуэу, дзэ къалэн зыгъэзащIэхэм я цIэхэр жыдоIэ. ИкIэщIыпIэкIэ текIуэныгъэ диIэну сохъуахъуэ! Нобэ къулыкъу гугъу езыхьэкI щIалэхэм я унагъуэхэм фIыщIэ яхузощI я шыIэныгъэм, я бынхэм ятеухуауэ къагъэлъагъуэ лIыгъэм папщIэ».

Захаров Сергей къыхигъэщащ зауэлIхэм я къалэныр пылъхьэншэу зэрагъэзащIэр, лIыгъэ къызэрагъэлъэгъуар. «Си гуапэу согъэзащIэ ди къэралым и Президент Путин Владимиррэ Лъэпкъ гвардием и дзэм и унафэщI, армэм и генерал Золотов Николайрэ пщэрылъ къысщащIар. Къытпэщылъ къалэнхэр гугъущ, ауэ ди фIэщ мэхъу ахэр гъэзэщIа зэрыхъунур»! – жиIащ абы.

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.



# Спорт пэш яIэнущ

**Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ ХьэтIохъущыкъуей КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ, абы дэсхэми яхуэзащ. Къуажэдэсхэр нэхъ пасэу щIэлъэIуат курыт школ №1-м спорт пэшыщIэ хуащIыну.**

КIУЭКIУЭ Казбек телеграм-каналым щитхащ а школыр республикэм щынэхъыжь дыдэхэм зэращыщыр, 1904 гъэм зэраухуар, РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ КIурашын ТIэхьир и цIэр зэрызэрихьэр. Абы сабий 385-рэ йокIуалIэ, егъэджакIуэ Iэзэхэри щолажьэ.

«Мы школыр спорт пэш хуэныкъуэщ. Нэхъапэм ар 1958 гъэм ящIа унэм хэту щытащ, ауэ кхъахэ зэрыхъуам къыхэкIыу, зэхуащIащ. Абы иужькIэ 1958 гъэм ящIа школым спорт пэш иIакъым. Къэрал программэм хэту, школым и гъунэгъуу щIыпIэ хухахащ футбол ущыджэгу хъууэ, атлетикэ псынщIэм дихьэххэр къекIуалIэу, шахмат, шашкэ джэгукIэм зыщыхуагъасэу. Школым щIэсхэр абыхэм макIуэ, спорт зэхьэзэхуэхэм жыджэру хэтщ. Иужьрей илъэсищым къриубыдэу спорт лIэужьыгъуэ зэмыщхьэмкIэ щIыналъэ, республикэ, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек. Iэтащхьэм къуажэдэсхэр къигъэгугъащ щIыналъэ, къуажэ администрацэхэр и дэIэпыкъуэгъуу школым и зыужьыныгъэм дяпэкIэ зэрелэжьынумкIэ.

